

Nama :

Kelas :

Tradisi Miéling Kamerdékaan



Geus ti baréto, ari dina bulan Agustus téh sok aya raraméan. Disebutna gé geus jadi tradisi, da geus puluhan taun lilana. Raraméan dina bulan Agustus téh ti saprak nagara urang merdéka. Ari maksudna mah pikeun némbongkeun rasa sukur jeung kabungah balaréa, duméh nagara urang geus merdéka, dina tanggal 17 Agustus 1945.

Beuki dieu mah nya beuki ramé nu sok dilaksanakeun ku masarakat téh. Sok harideng sorangan, ngabagéakeun poé miéling proklamasi. Aya anu marasang umbul-umbul jeung nyieun kaca-kaca. Dipigawéna babarengan, bari ngaluarkeun udunan. Sok ngahaja diayakeun kerja bakti deuih, pikeun mémérés jeung meresihan lingkungan, sangkan jadi genah. jeung resik katempona. Geus puguh deui ari masang bandéra mah. Pokona mah di lingkungan tempat matuh téh katempona jadi hégar.

Nya ari anu pangraména mah kagiatan dina tanggal 17 Agustusna. Raraméan téh henteu ngan di tingkat désa atawa kalurahan wungkul, tapi parat tepi ka tingkat RW. Aya rupa-rupa babalapan jeung perlombaan, malah jeung pagelaran kasenian sagala. Diiluan ku kolot-budak, awéwé-lalaki. Pokona mah saréréa mariluan. Tangtuna ogé babalapan atawa perlombaan anu dilaksanakeun téh utamana mah pikeun hiburan.

Geura waé sok aya balap séndok, balap karung, balap jarum, balap égrang, balap bakiak, jeung nu séjénna. Nu mariluanana téh barudak. Hidep ogé tangtu kungsi miluan, malah mungkin aya nu jadi juarana. Terus deuih sok aya tarik tambang. leu mah nu miluanana lobaan, tempatna di nu lega, malah sok aya nu bari alancrub ka balong.

Pertandinga Aya pertandingan olahraga, upamana maraton, badminton, pingpong, catur, maén bal, atawa voli. Biasana pertandingan olahraga mah mimiti dilaksanakeun ti saméméh tanggal 17 Agustus. Anu jaradi juarana sok diumumkeun dina acara pagelaran kasenian, terus dibaragi hadiah.

Ari kagiatan anu pangraména nyaéta rebutan atawa maén rebutan, atawa aya anu nyebut panjat pinang deuih. Dina maén rebutan mah anu mariluanana téh kudu papinter-pinter naék kana tihang jangkung anu geus dibaluran ku oli, ngarah jadi leueur. Nya ku sabab leueur, anu naraék téh sok nyorosod deui.

Ari tihangna mah sok aya nu tina tangkal jambé, atawa tina awi surat (di tempat séjén aya nu nyebut awi gombong). Pangna loba nu miluan téh sabab lamun bisa naék tepi ka puncak, di dinya aya rupa-rupa hadiah anu digantung-gantungkeun. Geus kitu mah éta hadiah téh kari ngadudutan.

Dina maén rebutan mah ilaharna kudu aya gawé bareng di antara anu miluanana. Anu gedé awakna jeung gedé tanagana kudu munggu anu awakna leutik. Terus wé pasambung-sambung tepi ka luhur. Engké hadiahna dibagi-bagi di antara anu gawé bareng téa.

Ieu tradisi dina ngareuah-reuah poé kamerdékaan téhjadi kabeungharan masarakat urang. Lian ti éta, nuduhkeun ayana hirup sauyunan deuih. Tangtuna gé bakal manjang, terus dilaksanakeun tepi ka jaga.

Gabungkeun kalimah dina Kolom A jeung kalimah dina Kolom B, sangkan maksudna jadi nyambung! Pilih heula kalimahna anu merenah, dumasar eusi bacaan bieu.

KOLOM A	
1	Conto tradisi di masarakat urang
2	Agustusan téh minangka kabungah
3	Masarakat sok harideng sorangan
4	Waragad pikeun acara Agustusan
5	Sok diayakeun kagiatan kerja bakti
6	Kagiatan Agustusan tepi ka tingkat RW
7	Babalapan dina kagiatan Agustusan
8	Acara rebutan salawasna ramé
9	Hésé naék kana tihang rebutan mah
10	Ayeuna tradisi raraméan Agustusan

KOLOM B	
A	ngabagéakeun miéling proklamasi.
B	utamana mah pikeun jadi hiburan.
C	loba hadiahna anu digantung-gantungkeun.
D	pikeun beberesih jeung mémérés lingkungan.
E	leueur sabab dibaluran heula oli.
F	jadi kabeungharan masarakat urang.
G	jeung rasa sukur duméh geus merdéka.
H	teu ngan saukur di kalurahan wungkul.
I	dikumpulkeun ti saban kulawarga.
J	misalna waé raraméan Agustusan.